

Eksepsyon nan Kondisyon pou Elèv yo Mande Èd Finansye nan Men Ajans Edikasyon Lokal yo

Kòmanse ak Pwomosyon 2025 la, tout elèv lekòl segondè piblik nan Connecticut sipoze oswa ranpli yon Demann Gratis pou Èd Federal pou Etidyan (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA) oswa ranpli epi soumèt nan yon enstitisyon ansèyman siperyè piblik yon demann èd finansye nan men enstitisyon an pou elèv ki pa gen sitiyaasyon imigrasyon legal pou yo ka gradye nan lekòl segondè a sòf si yo soumèt oswa jwenn yon eksepsyon konfòmman ak Seksyon 320 nan Lwa Piblik 23-204 la. Fòmilè eksepsyon sa a, lè li fin ranpli, dispansè yon elèv de kondisyon sa a pou li gradye nan lekòl segondè.

I. ENFÒMASYON SOU ELÈV LA

Non Elèv la (an lèt detache):

Nimewo Idantite Eta a Bay Elèv la (SASID):

Dat elèv la fèt:

Distrik Lekòl Elèv la:

Lekòl Segondè Elèv la:

II. SIYATI (dwe gen yon siyati)

Elèv k ap chèche eksepsyon pou kondisyon mande èd finansye nan men FAFSA oswa enstitisyon pou yo ka gradye dwe fè yon paran yo oswa yon responsab legal yo li, siyen, epi remèt fòmilè sa a nan lekòl elèv la anvan graduasyon an. Elèv ki gen laj 18 an pou pi piti oswa ki se minè ki legalman endepandan gen dwa siyen fòmilè sa a pou tèt yo.

Apati de 15 mas nan ane lekòl la, yon chèf etablisman, konseye nan lekòl, pwofesè, oswa lòt edikatè sètifye gen dwa dispansè elèv la tou de kondisyon pou li gradye sa a depi li afime lekòl la fè efò an bònfwà pou kontakte paran an, responsab legal la, oswa elèv la omwen twa (3) fwa sou zafè ranpli demann èd finansye nan men FAFSA oswa enstitisyon an.

PARENT AN OSWA RESPONSAB LEGAL LA

Mwen konprann objektif FAFSA a epi mwen chwazi pa soumèt yon demann ranpli pou èd finansye pou elèv ki gen non li pi wo a. Mwen konprann tou lè mwen pa ranpli FAFSA a, yo p ap pran elèv la an konsiderasyon pou Pwogram Bous Detid Roberta Willis la ki ka rive jiska \$5,250 ni pou Sibvansyon Federal Pell yo ki ka rive jiska \$7,395.

Siyati Paran an oswa Responsab Legal la

Dat

OSWA

ELÈV LA (sèlman elèv ki gen laj dizuitan pou pi piti oswa ki se minè ki legalman endepandan)

Mwen konprann objektif FAFSA a epi mwen chwazi pa soumèt yon demann ranpli pou èd finansye. Mwen konprann tou lè mwen pa ranpli FAFSA a, yo p ap pran mwen an konsiderasyon pou Pwogram Bous Detid Roberta Willis la ki ka rive jiska \$5,250 ni pou Sibvansyon Federal Pell yo ki ka rive jiska \$7,395.

Siyati Elèv la

Dat

OSWA

REPREZANTAN LEKÒL LA

Lè mwen siyen fòmilè sa a, mwen afime lekòl la fè efò an bònfwà pou li kontakte paran an, responsab legal la, oswa elèv la omwen twa (3) fwa sou zafè ranpli demann pou èd finansye nan men FAFSA oswa enstitisyon an. M afime tou mwen se chèf etablisman, konseye nan lekòl, pwofesè, oswa yon lòt kalite edikatè sètifye.

Siyati Repezantan Lekòl la

Dat (dwe 15 mas pou pi bonè)

Tit